# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–03 मार्च 2025 भोजपुरी समाचार

आजु पूरा देस में वन्यजीव दिवस मनावल जा रहल हौ। ई दिन वन्य जीव अउर पौधन क संरक्षण बदे मनावल जाला। एह मौका पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी सज्जों लोगिन से अविश्वसनीय जैव विविधता क रक्षा अउर संरक्षण बदे प्रतिबद्धता दोहरावे क अरज कइलें। उहां के वन्यजीव क संरक्षण में भारत के योगदानों पर गर्व कइलीं।

**इंडिया इज ए कंट्री वेयर प्रोटेक्टिंग नेचर इज ए पार्ट ऑफ कल्चर, दिस इज वाई, इट हैज मेनी यूनिक एचीवमेंट्स इन वाइल्ड लाइफ कंर्जवेशन। वाइल्ड लाइफ का संरक्षण किसी एक देश का नहीं बल्कि एक यूनिवर्शल इशू है। इसके लिए इंटरनेशनल एलांइस समय की जरूरत है।**

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी गुजरात के जूनागढ़ जिला क सासन गिर में आजु भइल राष्ट्रीय वन्यजीव बोर्ड क सातवीं बइठकी क अध्यक्षता कइलें। उहां के वर्चुअल जरिया से जूनागढ़ में वन्यजीवों बदे राष्ट्रीय रेफरल केंद्र क आधारसिला रखलीं अउर सोलहवां एशियाई शेरन क जनगणना दुइ हजार पचीसो क शुभारंभ कइलीं।

**********

सर्वोच्च न्यायालय आजु एगो महत्वपूर्ण फैसिला में कहले हौ कि दृष्टिबाधित लोगिन के न्यायिक सेवा में रोजगार क मौका से वंचित नाही कइल जा सकेला। न्यायाधीस जे बी पारदीवाला अउर आर. महादेवन क एगो पीठि छौ याचिकन पर फैसिला सुरक्षित रखले रहल। फैसिला क घोषण करत न्यायाधीश महादेवन कहलें कि दृष्टिबाधित लोगिन के साथे न्यायिक सेवा में भर्ती क मामिला में कउनो तरह क भेदभाव नाही कइल जाये के चाही।

**********

लोकसभा अध्यक्ष ओम बिरला आजु प्रदेस में मथुरा जिला क वृंदावन धाम पहुंचलें। उहां के बांके बिहारी अउर यमुना मईया क दरसन पूजन कइलीं। उहां के विभिन्न मंदिरन अउर आश्रमन में दरसन अउर पूजा पाठ के समय देस क तरक्की अउर खुसहाली क कामनों कइलीं।

**(बाइट ओम बिरला**) 2

**बांके बिहारी के दर्शन से, जमुना के नदी के पूजन से और फिर श्रीनाथ जी भगवान के दर्शन से, गोवर्धन जी की परिक्रमा से, यह यात्रा अद्भुत है, आध्यात्मिक है और इस यात्रा से आध्यात्मिक उर्जा मिलती है।**

लोकसभा अध्यक्ष प्रदेश के दुइ दिन के दौरा पर हवे।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आईआईएम अउर भारतीय डाक सेवा के अधिकारियन के साथे लखनऊ में प्रयागराज महाकुंभ संबंधी कार्यक्रम में आजु हिस्सा लिहलें। महाकुंभ क सफल आयोजन द्वारा राष्ट्र निर्माण विषय पर भइल एह कार्यक्रम के मुख्यमंत्री संबोधित कइलें। उहां के कहलीं कि एतना बड़हन आयोजन तब सफल होई जब सुरक्षा क पुरहर इंतिजाम होखे। सबके मन में हम विस्वास पैदा कइ सकी कि पुलिस हम्मन क रक्षा कै सकेले। एह बारे में पुलिस के चारि महिन्ना ले काउंसिलिंग दिहल गइल हौ।

**********

राज्यपाल आनंदी बेन पटेल आजु गोरखपुर दौरा पर पहुंचलीं। उहां के पंडित दीन दयाल उपाध्याय गोरखपुर विश्विद्यालय क हीरक जयंती समारोह में बतौर कुलाधिपति प्रतिभाग कइलीं। एह मोका पर उहां के आठ मार्च के मनावल जाये वाला अन्तर्राष्ट्रीय महिला दिवस का उल्लेख करत कहलीं कि महिला लोगि आजु हर क्षेत्र में कार कै रहल हइन। कॉलेज में बेटियन क संख्या कहीं ज्यादा हौ। उहां के कहलीं कि अउरियों देसन क तुलना में भारत में महिला लोगिन क स्थिति बहुते अच्छा हौ। कुलाधिपति विश्वविद्यालय क पत्रिका प्रवाह क विमोचनो कइलीं। उहां के कई प्रतियोगिता क विजेता लोगिन के पुरस्कृत कइलीं सथही एक सौ सड़सठ किलोमीटर क साईकिल जतरा के हरियर झंडी देखा के रवाना कइलीं। राज्यपाल एक मौका पर सर्वाइकल कैंसर टीकाकरण अभियानों क शुभारंभ कइलीं।

**********

उत्तर प्रदेस विधान सभा क बजट सत्र में उपमुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक आजु विधानसभा में कहलें कि प्रदेस क जनता के ह्यूमन मेटाप्न्यूमो वायरस–एचएमपीवी के लेके चिंता कइलें के जरूरत नइखे। प्रश्नकाल के समय उपमुख्यमंत्री ब्रजेश पाठक बतउलें कि मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ एह संबंध में बइठकी कइ के सज्जों इंतिजाम के लेके जनकारी लिहलें अउर दिसा निरदेसों दिहलें। प्रदेस क सज्जों जिलन में एह बेमारी के इलाज क पुरहर इंतिजाम हौ। जरूरत पड़ी त प्रदेस के सज्जों जिलन में लैब क इंतिजामों कइल जाइ। एगो अउरियो सवाल के जवाब में स्वास्थ्य मंत्री कहलें कि प्रदेस में डाक्टरन से केहू बदसलूकी चाहे अभद्रता करी त ओकरे खिलाफ हमार सरकार कड़ेर कार्रवाई करी। ओही पशुसन मंत्री धर्मपाल सिंह एगो सवाल के जवाब में बतउलें कि सरकार एक गोवंस पाले पर रोजे तीस रूपिया देत रहल जेके बढ़ा के अब पचास रूपिया कै दिहल गइल हौ।

**********

भारत सरकार क खादी अउर ग्रामोद्योग आयोग आजु लखनऊ में प्रदेश क चार सौ चालीस कारीगरन के बिच्चे सात सौ दस मशीनरी अउर टूल किट बटलस। एह मौका पर आयोग क अध्यक्ष मनोज कुमार कहलें कि खादी ग्रामोद्योग क बिक्री पिछला दस बरिस में तीस हजार करोड़ रुपिया से बढ़ि के छप्पन हजार करोड़ रुपिया हो गइल हौ।

**********

राष्ट्रीय आय एवं योग्यता आधारित परीक्षा में कुशीनगर जिला प्रदेस में पहिला स्थान हासिल कइले हौ। दुइ सौ चौवन सीटि के सापेक्ष लगतारे दूसरो बरिस कुशीनगर एह परीक्षा में सौ फीसदी लक्ष्य हासिल कइले हौ। जिला बेसिक शिक्षा अधिकारी डॉ. रामजियावन मौर्य बतवलें कि जिला क चयनित छात्रन में रामकोला ब्लॉक के भटवलिया क पीएम श्री कम्पोजिट विद्यालय क सबसे बेसी बारह विद्यार्थी सामिल हवें। चयनित भइल सज्जों छात्र–छात्रा लोगिन के कक्षा नौ से बारह ले एक हजार रूपिया हर महिन्ना ओजिफा मिली।

**********

मौसम विज्ञान विभाग आवे वाला दिनन में  अधिकतम अउर न्यूनतम तापमान में गिरावट क आगम जतवले हौ। विभाग के हिसाबि से एह हप्ता मौसम सुस्क रही। हालांकि पांच अउर छौ मार्च के बीस से तीस किलोमीटर प्रतिघंटा क रफ्तार से तेज सतही बयारो चली।

**********